



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK GOUVÈNÈ MURPHY ANONSE GWO ETAP NAN DIREKSYON MODÈNIZASYON PENN STATION**

***MTA, an patenarya ak amtrak ak NJ TRANSIT, k ap chèche konpayi pou fè konsepsyon rekonstriksyon Penn Station lan***

***Konpayi pral kòmanse fè konsepsyon transfòmasyon jenerasyonèl Penn Station jan Gouvènè a te dekri nan otòn pase a***

***Nouvo estasyon pral prezante yon sal datant yon sèl nivo masif ak plafon ki wo ak limyè natirèl, pi gwo koneksyon ak platfòm, pi gwo antre ak chemen vwayaj entwitif***

***Empire State Development konvoke Gwoup Travay nan Domèn Piblik pou konplete plan devlopman jeneral epi priyore domèn piblik ak sèvis sosyal yo, envesti nan lojman abòdab, ogmante aksè nan transpò ak lari pataje, aktive peyizaj lari ki favorab pou pyeton***

***Ou ka wè videyo pwojè Penn lan ak avantaj li genyen pou pasaje yo, rezidan yo ak piblik la [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul ak Gouvènè New Jersey Phil Murphy te anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, an patenarya ak Amtrak ak NJ TRANSIT, ap mande pwopozisyon nan men konpayi achitekti ak enjenyeri yo pou gide efò rekonstriksyon Penn Station ki fèk dekri nan [etid Plan Direktè Penn Station lan](#) ke yo te [anonse nan otòn lan](#). Plan Gouvènè Hochul mande pou transfòmasyon Penn Station an yon etablisman modèn, ki laj, ki ranpli ak limyè ki fasil pou navige, pandan y ap revitalize katye ki antoure a tou pou priyore domèn piblik ak sèvis sosyal yo, envesti nan lojman abòdab, ogmante aksè nan transpò ak lari pataje, aktive peyizaj lari ki favorab pou pyeton Penn Reconstruction pral modènize eksperyans datant lan pou pasaje yo ak koneksyon platfòm amelyore, oryantasyon rasyonnalize ak ekipman amelyore. Ekspansyon Penn Station alavni pral ajoute kapasite vwa ak platfòm epi li pral konplètman entegre ak yon Penn Station ki rekonstwi.

"Transfòmasyon Penn Station an yon etablisman transpò klas mondyal, ki konsantre sou vwayajè, ki konfòm ak sant santral pi gwo vil nan mond lan pa te ka vin pi

bonè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pataje vizyon yon estasyon inifye a yon sèl nivo ak plafon ki wo ki akeyi limyè natirèl, liy vizibilite klè ak entwitif, plis espas sikilasyon ak plis koneksyon ak lari ak platfòm yo. Avèk anons sa a, MTA ap pran yon etap konkrè nan direksyon pou fè vizyon sa vin reyalye. Gras ak efò Administrasyon Biden lan, lidèchip Senatè Schumer ak sipò Senatè Gillibrand ak delegasyon Kongrè nou an, nouvo resous federal disponib pou ede kreye yon nouvo Penn Station pou tout rejyon an."

"Penn Station se yon gwo sant transpò ki òganize plizyè milyon pasaje tren ak metwo sou koridò li yo chak ane", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Lanse pwojè enfrastruktir sa a pou modènize Penn Station sa pral lakòz yon sant transpò premye klas ke Nouyòk yo ka fyè de li epi li pral amelyore ekipman pasaje yo ak sikilasyon nan estasyon an, kreye travay konstriksyon ak transfòmasyon zòn nan pou biznis ak rezidan yo."

"Kòm pyès mètrès youn nan rezo transpò ki pi enpòtan nan mond lan, Penn Station egzije yon atmosfè ak aparans ki reflekte gwo enpòtans li pou rejyon an", **Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, te deklare.** "Pandan plizyè deseni Penn Station pa bay vwayajè ak vizitè New Jersey yo konfò ak komodite yo merite. Kounye a, kòm rezilta patenarya atravè ajans yo ak liy eta yo, nou pare pou nou fè pwochen etap la nan direksyon transfòmasyon ke nou t ap tann depi lontan nan sant transpò esansyèl sa a."

An akò ak plan prensipal MTA ak ray tren patnè li yo devlope, estasyon rebati a pral:

- Entegre anbakman tren ak tout fonksyon ak ekipman piblik sou yon sèl nivo ak gwo sal datant ak plafon wo.
- Kreye yon koulwa prensipal sou bò lès estasyon an ki pral konsiderableman pi gwo pase zòn Moynihan Train Hall ak Great Hall nan Grand Central Terminal konbine
- Double wotè plafon an nan sal datant piblik yo
- Etabli liy vizibilite klè nan antre platfòm yo pou bay chemen vwayaj entwitif atravè estasyon an
- Ogmante kantite eskalye, eskalye mekanik ak asansè nan 11 platfòm estasyon an pa 33 pousan
- Amelyore/agrandi antre pou pyeton yo

Penn Station aktyèl la - sant transpò piblik ki pi frekante nan Emisfè Lwès la, sèvi plis pasaje pase ayewopò LaGuardia, John F. Kennedy ak ayewopò Newark yo konbine. Operasyon Amtrak yo nan nouvo Koridò Tren Moynihan (Moynihan Train Hall) la bay opòtinite pou refòm Penn Station, nan elimine pifò pati premye nivo souteren an pou ouvri ale prensipal la sou limyè natirèl, amelyore komès ak lòt ekipman itilizatè yo, ogmante pwoteksyon ak sekirite, elaji yon fason konsiderab zòn sikilasyon pasaje yo, elaji antre ak soti yo, ak rann li pi fasil pou pasaje yo sikile nan estasyon an epitou konekte ak destinasyon yo odela. Rekonstriksyon estasyon an ta dwe koute ant sis ak

sèt milya dola epi li prevwa fèt nan entèval senk ak sis ane apre konstriksyon an kòmanse.

Anplis de sa, Empire State Development te anonse kreyasyon Gwoup Travay nan Domèn Piblik nan Zòn Penn Station (Penn Station Area Public Realm Task Force), ki pral konseye ESD sou amelyorasyon domèn piblik yo pou revitalize ak anbeli zòn ki ozalantou Penn Station, ki gen ladan peyizaj re-imagine ak nouvo espas ouvè. Gwoup Travay nan Domèn Piblik la gen ladann reprezantan ajans Eta ak vil ki enplike yo, ofisyèl eli lokal yo, konsèy kominotè yo, òganizasyon sivik yo ak lòt moun ki gen enterè yo.

### **Manm Gwoup Travay nan Domèn Piblik la**

- Biwo Gouvènè a:
  - Sekretè Adjwen Devlopman Ekonomik
  - Sekretè Adjwen Transpò
  - Sekretè Adjwen Sèvis Sosyal
- Devlopman Empire State
- MTA
- Amtrak
- Transpò New Jersey (New Jersey Transit)
- Biwo Majistra Vil New York la
- Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) NYC
- Depatman Planifikasyon Vil NYC
- Kòporasyon Devlopman Ekonomik NYC
- Manhattan CBs 4 ak 5 (yo nonmen 2 moun nan chak Konsèy)
- Òganizasyon Sivik yo
  - Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association)
  - Patenarya 34th Street (34th Street Partnership)
- Devlopè nan Zòn GPP
- MSG
- Manm Kongrè Jerrold Nadler
- Manm Kongrè Carolyn Maloney
- Senatè Eta Brad Hoylman
- Senatè Eta Robert Jackson
- Senatè Eta Liz Krueger
- Manm Asanble Richard Gottfried
- Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine
- Manm Konsèy Erik Bottcher

Gwoup travay la pral responsab pou devlope yon Plan Konsèp Domèn Piblik, avèk asiste pa selèb Estidyo WXY achitèk Claire Weisz la, ki gen ladann yon lis priyorite amelyorasyon piblik yo dezire tankou konsepsyon lari ak espas ouvè, ak prensip gid pou konsepsyon domèn piblik adisyonèl, pwogramasyon, ak operasyon yo. ESD ak Task Force la pral travay sere ak Depatman Planifikasyon Vil New York pou asire

travay li kowòdone ak konsistan avèk objektif planifikasyon vil la nan domèn piblik an jeneral.

Yo pral kreye yon Fon Domèn Piblik nan Zòn Penn Station (Penn Station Area Public Realm Fund), ki finanse pa yon pati nan revni byen imobilye ki te pwodwi pa nouvo redevlopman nan sit GPP yo, kòmanse ak yon angajman 50 milyon dola nan revni pwojè bonè yo.

Gouvènè Hochul jodi a te anonse tou yon premye videyo ki montre vizyon Eta a pou yon nouvo Penn Station ak pou revitalizasyon zòn ki antoure li a. Videyo a rezime prezantasyon piblik yo te fè pandan plis pase yon santèn reyinyon ak gwoup kominotè yo ak ofisyèl eli yo pandan de ane ki sot pase yo, pou tout Nouyòkè yo ka konprann plan an, ak kijan - apre plizyè deseni esèy - New York ka finalman bati yon Nouvo Penn Station, ke Empire State la merite. Ou ka jwenn videyo dijital la [isit la](#) ak sou yon [nouvo sit wèb](#) sou pwojè a.

Paralèlman ak konsepsyon Penn Reconstruction (Rekonstriksyon Penn), wout ray yo prevwa kòmanse yon revizyon sou pwojè Rekonstriksyon Penn Reconstruction lan nan kad Lwa Nasyonal pou Politik Anviwònmanal (National Environmental Policy Act) ak Lwa Nasyonal pou Prezèvasyon Istorik (National Historic Preservation Act) Revizyon sa a pral gen ladann sansibilizasyon solid jan lalwa egzije sa epi yo pral konplete pa yon Gwoup Konsiltatif pou Travay Estasyon (Station Working Advisory Group) pou asire ke yo tande anpil vwa lokal ak rejyonal jan sa posib epi yo enkòpore pi bon lide yo nan konsepsyon an.

Reyimajine estasyon an fè pati angajman Gouvènè a pou asire aksè nan transpò ekitab ak atenn devlopman ekonomik. Sa pral patikilyèman benefik pou itilizatè pwochen estasyon Metro-North yo nan Lès Bronx (Co-op City, Morris Park, Parkchester ak Hunts Point) pou sila yo ke tan deplasman pou ale ak tounen soti nan Midtwon pral redui nan 50 mini kòm rezilta Penn Access la.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Revitalizasyon Penn Station pral katalize nouvo investisman ak devlopman nan katye ki antoure yo, sipòte kwasans ekonomik jeneral kominote a, epi bay yon sant transpò modèn ke rezidan yo, vwayajè yo ak vizitè yo ap tann depi lontan. Atravè Gwoup Travay nan Domèn Piblik la, nou pral devlope yon plan dirab pou amelyorasyon nan zòn ozalantou Penn Station, k ap enkòpore kòmantè moun k ap viv ak travay nan distri biznis enpòtan sa a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Sa a se yon gwo etap nan efò k ap kontinye pou n transfòme Penn Station konplètman. MTA te deja fini nouvo antre anblematik Penn lan nan Seventh Avenue epi n ap apwoche liy final pwojè a pou double gwo sal datant Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) nan estasyon an. Yo etabli pwochen etap yo nan Plan Direktè nou te devlope a. Imajine yon estasyon klas mondyal k ap pwospere ak plafon ki wo, espas ouvè ak limyè

naturèl - tankou Grand Central Terminal oswa Moynihan Train Hall. Se la nou pral dirije nou nan pwochen faz sa a."

**Prezidan ak PDG New Jersey Transit la, Kevin S. Corbett, te deklare,** "Demann pou pwopozisyon sa a reprezante yon premye etap enpòtan pa NJ TRANSIT ak patnè nou yo nan MTA ak Amtrak pou bay eksperyans klas mondyal ke kliyan Penn Station nou yo merite. Penn Station sèvi kòm yon sant enpòtan pou plizyè milyon kliyan NJ TRANSIT ki vwayaje pou ale ak soti nan New York chak ane. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak patnè nou yo sou yon konsepsyon ki finalman transfòme ak elaji estasyon an yon etablisman ouvè, akeyan ak modèn ki satisfè bezwen jodi a, epi k ap akomode demand demen yo."

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Destriksyon Penn Station nan ane 1960 yo rete youn nan pi move desizyon planifikasyon nan istwa New York la. Pandan plizyè deseni, dè milyon Nouyòkè te oblije soufri konsekans desizyon sa a nan kondisyon restren nan Penn Station modèn lan. Anons jodi a pa Gouvènè Hochul, Gouvènè Murphy, ak Amtrak pral premye etap nan korije mal istorik sa a. Yon plan pou rekonstwi ak revitalize Penn Station pral vle di vwayaj ki pi an sekirite ak pi efikas pou plizyè milyon pasaje LIRR epi, alavni, kliyan Metro-North yo tou."

**Reprezantan Jerrold Nadler te deklare,** "Nouyòkè yo merite depi lontan yon Penn Station renouvle. Mwen fyè dèske m te goumen pou dola enfrastrikti federal enpòtan anpil, ki lè yo te investi nan Penn Station ak pwojè Gateway Tunnel la pral jenere plizyè milye bon travay, rann West Side nan Manhattan pi aksesib, epi bay amelyorasyon enfrastrikti New York bezwen pou li sòti anba moman difisil sa yo. Mwen aplodi anons Gouvènè Hochul la sou yon konsepsyon ki baze sou konsansis ak yon pwosesis ki konsantre sou kominote a ki pral mennen nan yon estasyon tren klas mondyal ak katye ke pou New York merite."

**Reprezantan Jamaal Bowman te deklare,** "Mwen fyè pou m wè nouvo devlopman nan Penn Station k ap fèt. Efò modènizasyon sa yo fè pati ekspansyon Metro-North ke mwen te sipòte ane pase a epi yo pral ede vwazen yo atravè 16èm Distri Kongrè a pou yo deplase nan New York rapidman ak san danje. Mwen gen konfyans devlopman sa yo pral aksesib tou pou tout efò New York ap fè pou yo fè transpòtasyon enklizif pou tout moun nan nenpòt sikonstans."

**Reprezantan Ritchie Torres, te deklare,** "Yon Penn Station re-imagine ki gen aksè pou ale ak soti nan Bronx pral pote bay fanmi k ap travay yo deplasman ki pi kout ansanm ak aksè endispansab ak travay, swen sante ak edikasyon. Pwojè sa a ale pi lwen pase amelyorasyon estasyon an li menm epi li bay priyorite investisman nan lojman abòdab, sekirite vwayajè, ak espas kominotè dirab. Mwen bat bravo pou pwochen etap Gouvènè Hochul fè nan fè vizyon sa a vin yon realite pou Nouyòkè yo."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Eta a, Vil la ak wout ray yo finalman mete tèt yo ansanm pou kreye yon Penn Station modèn ak yon domèn piblik premye klas. Nou te andire kondisyon yo nan ak ozalantou Penn Station pandan twò

lontan. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, nou sou wout pou n reyalize sa anpil moun te panse ki te enposib: yon Penn Station ak peyizaj ki antoure ki pral fè Nouyòkè yo fyè."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Penn Station se yon pati enpòtan nan Enfrastrikti transpò Vil New York la, men kliyan li yo merite yon pi bon eksperyans. Plan rekonstriksyon sa a pral amelyore eksperyans vwayajè yo epi amelyore aksè ak byennèt jeneral katye a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, MTA a, ak tout patnè nou yo pou koperasyon yo pou fè pwojè enpòtan sa a avanse pou pi devan."

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare,** "Pwochen etap sa a nan renovasyon Penn Station se yon etap enteresan. Transpò piblik esansyèl pou lavi ak mwayen sibzistans rezidan yo nan rejyon nou an ak ekonomi an. Plizyè milye pasaje ak vwayajè ki vwayaje nan Penn Station chak jou pral gen yon gwo avantaj an tèm kalite lavi nan rekonstriksyon Penn Station lan. Pasaje Metro-North yo ak vwayajè yo pral benefisye tou, sa k ap sipòte mache travay ak ekonomi New York la. Fason pou kenbe ak bati pasaje se modènize gwo sant tankou Penn Station, epi li bon pou wè sa davans pandan MTA a kòmanse pwochen faz sa a."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Pandan twò lontan, Penn Station te demode ak inefikas, epi pandan twò lontan, ti dezakò te vin mete obstak kont pwogrè. Mwen kontan anpil paske patnè sa yo te mete tèt yo ansanm epi yo ap travay yon fason konstriktif pou fè pwojè sa a reyalize pou Vil New York. Nou gen plis travay pou nou fè, men ak patenarya sa a, mwen konnen nou pral fè li paske nou dwe fè l — pou avni vil la, eta a, ak rejyon an. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Gouvènè Murphy, ak patnè nou yo nan MTA, NJ Transit, ak Amtrak paske yo te franchi yon etap enpòtan ki pi pre pou bati sant transpò Nouyòkè yo mande ak merite a."

**Prezidan Minisipalite Manhattan, Mark Levine, te deklare,** "Lè a plis ke rive pou nou reyalize yon nouvo Penn Station, amelyore ak modèn ki mete moun ak pasaje transpò piblik yo an premye. Penn Station sèvi plis pase yon pòtay nan vil la -- se yon pasaj kle pou travayè yo, rezidan yo ak Nouyòkè ki vle vwayaje ale ak toupatou nan Manhattan. Yon nouvo estasyon pral reprezante yon anblèm pou Vil New York ki priyorize vwayajè yo ak itilizatè lokal yo, e mwen espere travay avèk gwoup konsiltatif la ak Gouvènè a pou asire vizyon sa a reyalize."

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare,** "Jodi a make yon etap enpòtan pou lavni nan modènizasyon ak revitalizasyon Penn Station, yon pwojè ki pral mennen nan kreyasyon plizyè milye karyè nan klas mwayèn pou moun k ap travay nan vil la epi ki pral bay yon nouvo lavi nan moniman anblematik Vil New York sa a. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip vizyonè li nan avanse pwojè sa a ki gen gwo siyifikasyon pou tout eta a, epi nou pa ka tann pou nou travay ak tout moun ki gen enterè yo ak patnè nou yo atravè endistri a ak nan gouvènman an pou transfòme Penn Station an yon pòtay 21èm syèk ke nou kapab jwenn anpil fyète ladan."

**Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, New York Building Congress, te deklare,** "Pandan plizyè dizèn ane, Nouyòkè yo te sibi kondisyon lamantab ki te defini Penn Station epi ki pa te konfòm ak pi gwo vil nan mond lan. Vwayajè New York yo merite yon sant tren klas mondyal ki mete pasaje yo an premye ki akeyi yo nan kè vil la, avèk kapasite pou jere plis pasaje ki soti nan ekspansyon Metro-North ak Pwogram Gateway ki enpòtan an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou vizyon odasye li genyen pou l bay yon Penn Station ke Nouyòkè yo merite, epi paske li pran mezi pou inogire yon avni pi briyan pou New York."

**Tony Coscia, ki se Prezidan Komite Amtrak la, te deklare,** "Penn Station New York la se youn nan enstalasyon transpò ki pi okipe nan mond lan. Amtrak angaje l pou l asire avni li pou anpil jenerasyon vwayajè tren ki pral benefisye tout Koridò Nòdès la. Kòm pwopriyetè ak jeran estasyon an, nou pa ka tann pou nou avanse transfòmasyon estasyon an. Patenarya nou ak Gouvènè Hochul ak Gouvènè Murphy pral reyalize yon rèv ke yo t ap tann depi lontan pou rekonstwi ak elaji Penn Station."

**Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif Amtrak la, Stephen Gardner, te deklare,** "Penn Station New York la pi plis pase jis sant tren nan Amerik di Nò ki pi okipe - li se yon pòtay nan pi gwo vil nasyon an pou pasaje tren ki soti atravè nasyon an. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Gouvènè Murphy, MTA ak NJ TRANSIT pou patenarya yo pou fè konsepsyon yon bèl nouvo konplèks estasyon klas mondyal, modèn ak klere ki konfòm ak New York. Ak sipò ak kolaborasyon patnè nou yo, nou pral bay rezidan, vizitè yo ak vwayajè rejyon an yon estasyon amelyore ki ogmante li vitalite nan vil la, nan ekonomi an ak nan kominote lokal la."

**Prezidan Devlopman & Kontriksyon MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare,** "Rebati Penn Station kòmanse ak gwo konsepsyon, epi n ap chèche talan klas mondyal pou ede nou nan efò sa a ak demann sa a. Reprizantan twa wout tren yo pral chwazi ekip miltidisyèl sa a pou sipòte tout aspè pwochen faz pwojè a, enkli konsepsyon detaye ak enjenyeri, ansanm ak pati konsène solid ak sansibilizasyon kominotè ke Gouvènè a angaje pou pwojè sa a."

**Prezidan Povizwa Wout Ray Long Island MTA ak Prezidan Wout Ray Metro-North lan, Catherine Rinaldi te deklare,** "Rekonstriksyon Penn Station se yon bon bagay pou Long Island, epi li pral bon pou kliyan Bronx, Westchester ak Connecticut yo sou Liy New Haven Metro-North la nan sèlman kèk ane tou kout. Avèk Grand Central ki tabli pou òganize tren LIRR anvan fen ane a, sa ki kreye kapasite pou konekte ant Wout Ray Long Island ak Metro-North anba yon twati pou premye fwa, mwen kontan wè angajman kontinyèl Gouvènè a pran pou kreye yon eksperyans kliyantèl klas mondyal pou pasaje tou de wout tren yo nan Penn Station."

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare,** "Nouyòkè yo merite yon sant transpò 21èm syèk ki pral ankouraje kwasans travay ak devlopman ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo, se egzakteman sa ke yo pral jwenn ak pwojè ki pote transfòmasyon sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip efikas li

nan fè plan anbisyè sa a pou Penn Station pou pi devan epi mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk li pou mennen pwojè sa a nan liy final la."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)